



## Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (Dignity for All Students Act)

Si asèlman, entimidasyon ak/oswa discriminasyon ap fèt nan lekòl la, sou lakou lekòl la oswa pandan yon evènman eskolè/aktivite ki fèt andeyò lakou lekòl la, Lwa NYS la rekòmande pou tout distri yo mete mezi ak règleman anplas pou moun ki viktim nan ka rapòte entimidasyon an, jan li rekòmande la a:

- Jwenn yon reprezantan administratif pou resevwa rapò sou asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon yo (pa egzanp, Kowòdonatè DASA a)
- Pèmèt elèv, manm fanmi ak lòt moun pou yo fè yon rapò aloral oswa alekri bay responsab lekòl la;
- Rekòmande anplwaye lekòl la pou l enfòmasyon yon administratè oswa reprezantan (pa egzanp Kowòdonatè DASA a) nan delè yon jou lekòl kote li temwen oswa resevwa yon rapò sou asèlman, entimidasyon oswa diskriminasyon epi pou l soumèt yon rapò nan yon delè ki pa depase de jou lekòl aprè l fin resevwa rapò/notifikasyon oral sa a;
- Rekòmande administratè yo oswa yon reprezantan (pa egzanp Kowòdonatè DASA a) pou yo mennen yon envestigasyon solid sou tout rapò sou asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon ke yo ranpli tousuit aprè yo fin resevwa nenpòt rapò alekri epi anrejistre l [nan dezyèm Pati ki nan Fòmilè DASA pou Rapòte Ensidan an];
- Aprè yo fin verifye asèlman, entimidasyon ak/oswa konpòtman diskriminatwa yo, rekòmande lekòl la pou l pran tout mezi li estime ki rezonab yo tousuit pou l elimine asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon, pou evite gen tout anviwònman agresif, anpeche konpòtman sa repete epi pou asire sekirite tout elèv ki te sibi asèlman, entimidasyon oswa diskriminasyon yo;
- Entèdi vanjans kont nenpòt moun ki fè rapò oswa bay èd li nan envestigasyon asèlman, entimidasyon oswa diskriminasyon an;
- Devlope yon estrateji nan lekòl la pou anpeche asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon;
- Rekòmande dirijan lekòl yo pou yo fè yon rapò regilye bay direktè a konsènan enfòmasyon ak tandans ki gen rapò ak asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon;
- Rekòmande administratè lekòl oswa reprezantan li (yo) pou yo enfòmasyon ajan lapolis lokal tousuit sou asèlman, entimidasyon ak/oswa diskriminasyon an lè l rekòmande pou yo fè sa a.
- Rekòmande pou tout anplwaye lekòl, elèv ak paran yo resevwa yon kopi ki gen règleman distri a, ki gen ladan pwosesis pou rapòte yon asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon, omwen chak ane;
- Asire ke yo mentni yon vèsyon aktyèl ki gen règleman distri a ak pwosedi yo, ki gen ladan fòmilè pou rapòte ensidan an, sou sitwèb distri a.

Tanpri kontakte biwo lekòl/distri a epi swiv pwosedi lekòl la ak distri a mete anplas yo pou moun fè rapò sou ensidan ki fèt sou lakou lekòl/distri a.